

**UMUSI MPUZAMAKUNGU WAHARIWE IBINYABUZIMA
IJAMBO R'UMUSHIKIRANGANZI WA MAZI, IBIDUKIKIJE,
ITUNGANWA RY'AMATONGO N'IBISAGARA**

**Itariki 22, Rusama 2014
Ir. Jean Claude NDUWAYO**

=====

**Barundi, Barundikazi,
Ncuti z'Uburundi,**

Itariki 22, Rusama uko umwaka utashe, Uburundi burifatanya n'Amakungu mu guhimbaza umusi Mukuru Mpuza Makungu wahariwe Ibinyabuzima. Icivugo c'uno mwaka wi 2014 n'iki : «*Ibinyabuzima vyo Mubihungu vyo mumazinga*». Uyu musi rero n'icivugo bawitiriye bihuriranye n'ingingo yafashwe n'Inama Nkuru y'Ishirahamwe Mpuzamakungu, ONU, yo kwitirira umwaka wi 2014, umwaka Mpuzamakungu wa hariwe Ibihungu Vyo mumazinga. Ikiranga rero ivyo bihugu, n'ibinyabuzima vyinshi, atahandi biri kw'isi, bifise kandi akamaro ntangere.

Naho Uburundi atari izinga, kirafise naco nyene ubutunzi bwinshi bw'ibinyabuzima usanga mbere bimwe bimwe atahandi biri kw'isi. Uturere mparigwabinyabuzima tw'igihugu cacu turimwo vyankenerwa muvyekeye imibereho y'abarundi, ubutunzi bw'igihugu, n'akaranga mico k'abarundi. Uyu musi mukuru rero, n'akanya Uburundi busubiye kuronka kugira bwigire inama kandi bwibaze kuvyerekeye akamaro k'ibinyabuzima mu buzima bw'abarundi haba muvuyo ubutunzi, imibano et n'akaranga mico. Ni naco gituma, Uburundi bwatoye icivugo c'uyu musi mukuru "*Ibinyabuzima n'akamaro kavyo mw'iterambere rirama*".

Nkuko musazwe mubizi, Uburundi n'agahugu gato, mugabo gafise ubutunzi bwinshi bw'ibinyabuzima. Twotanga akarorero kw'ishamba ry'ikibira ririmwo ubwoko mw'ibiti birenga igihumbi, bimwe bimwe atahandi biri kw'isi. Uruhongore rukingiwe rw'ikibira kubitse imamfu zishika 280.

Mu maja efo y'igihugu, turafise ishamba rya Kigwena n'amashamba y'ingongo ku misozi ihanamiye ikiyaya ca Tanganyika, mbere no gushika mu Kumoso. Muri ayo mashamba y'ingongo turacafiseyo imamfu zishika 60. Titworeka kuvuga rya shamba ry'urukoko ryo ku Rusizi ririmwo naryo nyene ubwoko bw'ibiti birenga igihumbi.

Turafise kandi mu Burundi amashamba y'ibiti bitobito arwiriye mu karere gakingiwe ka Ruvubu. Ako karera kangana n'amahegitari 50000 niko konyene karimwo ibikoko vyinshi cane harimwo Imbogo zingana 2000.

Uburundi kandi burafise uturere tw'amazi tugizwe n'ibiyaga, inzuzi, n'imwonga. Utwo turere tw'amazi turimwo natwo nyene ibinyabuzima karuhariwe, nk'ikiyaga Tanganyika kirimwo amafi atahandi ari kw'isi yose.

**Barundi, Barundikazi,
Ncuti z'Uburundi,**

Ayo mashamba yose mwumvise afise akamaro ntangere mu buzima bw'abarundi. Kukamba nkako, amashamba yo ku misozi ihanamiye niyo akwega imvura, akamimina amazi, agakinga n'inkukura ku misozi ihanamiye. Ako kamaro niko gatuma mbere abarimyi bashobora kuvomera imirima yo mu kiyaya ca Rusizi n'iyoye mu mirambi ishashe. Ako kamaro karabuza kandi umwuzurira w'amazi mu biyaya, n'itosekara ry'amazi y'ikiyaga ca Tanganyika.

Amashamba yo ku misozi ihanamye arafasha cane mugutanga umuyagankuba mugutanga mazi menshi mungomero z'umuyagankuba. Twovuga ngaha ko urugomera rwa Rwegura ruri k'uruzi Gitenge rutanga umuyagankumba ungana icakabiri c'uwo uburundi bukoresha. Bisubiye kandi, kubera akabombera gatanga n'ishamba ry'ikibira, amahingurira atatu y'icayi n'imirima minini kandi iteye igomwe vyashinzwe hampande y'ishamba. Abahinga baratubwira ko kugira icayi kigire akanovera, gikeneye akabombera kanini, n'imvura nyinshi cane igwa mugihe kinini co mu mwaka. Ivyo bipimo navyo tukaba tubisanga mu Kibira.

Amaja efo y'Igihugu cacu, amashamba yo ku mitumba ihanamiye ikiyaga ca Tanganyika arakinga inkukura yotosekaza ikiyaga bigatuma umwimbu mu buromvyi wiyongera, mugihe tuzi neza ko uburovyi butifashe neza mu maja ruguru y'ikiyaga aho amashamba yo ku mitumba yahonye huva kera.

Mu vyerekeye uturere kama tw'amazi, ntibikiri agashesheshwa rumuri ko umwimbu wa mafi nk'imikeke, inonzi, indagara et n'amarumpu, uturuka ahanini kuvyatsi bimerera nkumpande y'ikiyaga aho ayo mafi atera amagi akongera akahakurira.

Hampande yako kamaro k'ibinyabuzima, uturere kama turatanga kandi ivyankenerwa vyinshi ku banyagihungu, abanyamyuga, n'abandandaza, nk'imiti y'ikirundi, ibikoresho vy'imyuga nk'urugagi, imigano, n'ibindi vyose abarundi basanzwe bafungura nk'amafi, ubwoba, ivyamwa n'ibindi. Ivyo vyose rero bikaba bitunze abarundi batari bake eka kandi bikabaha n'amafaranga.

Barundi, Barundikazi, Ncuti z'Uburundi,

Naho Uburundi butunze ibinyabuzima bitari bike, itituga ryavyo naryo rirateye amakenga. Ihona ry'amashamba kurugero vy'ibice icenda kw'ijana ku mwaka rirateye amakenga mugihe uko duca ibiti atariko tubitera. Ubu turabona kandi ingene amazi angenda atosekara n'ingene umwimbu w'amafi ungena ugabanuka. Kanatsinda, iyo ibinyabuzima bihonye, n'akamaro vyari bifise gaca gahona ; ivyo navyo bikagira ikwirikizi mbi mu buzima bw'abarundi n'iterambere ry'igihugu. Ibiteye amakenga cane, ni uko abarundi babandanya bahungabanya ibidukikije. Ugasanga mbere hari abagwiza inyifato itabereye mu banyagihungu.

Tubiravye neza, Uburundi ntibwari bwashike kuntambwe ishimishije yo kurondera n'ugukoresha neza inyungu ziva mu binyabuzima. Turabizi twese, naho dufise ibinyabuzima n'uturere kama duteye igomwe, Uburundi ntiburitunganya neza kugira bushobore gukwenga ingenzi nyinshi, arizo zitanga amafaranga menshi y'agaciro.

Urucuruzwa rw'ivyankenerwa biva mu binyabuzima n'agaciro kavyo ntibisobanuye neza. Aho twoca twibaza amafaranga Uburundi butakaza mugushora mu mahanga amatungo kama y'ibinyabuzima canke ikoresha ry'ibiterwa mu nzira zitabereye. Aha notanga akarorero ku mahinguriro n'abacuruza baheruka guhonya « *Urugagi* », bakaba bagamije kandi guhonya ca giti bita « *Umuvyi* », kandi batigeze bafasha muvyo kubikingira. Amahinguriro, n'amakompanyi menshi batunze ahanini n'ivyankenerwa bitangwa n'ibinyabuzima, mugabo ntibigera baterera mu bikorwa vyo kubikingira.

Barundi, Barundikazi, Ncuti z'Uburundi,

Uburundi burafise amatungo menshi kama, mugambo intererano yavyo mu kigeza c'igihugu ni nto cane. Birakenewe rero, k'Uburundi bwoteza imbere ivyankenerwa biva mu binyabuzima mugutunganya urudandazwa rwavyo. Birakenewe ko ibisata vyose, ubushikiranganji butandukanye, amahinguriro, abarundi bose bokwitako gukingira n'ugukoresha neza ibinyabuzima.

Ni muriyo ntumbero igihugu cacu camaze gutanguza ibikorwa vyo gushira urukumu kuri ya masezerano mpuza amakungu araba « *Ugushikira n'ukugabangana atawandya wa ngura inyungu ziva mw'ikoresha neza ry'amatunga kama y'ibinyabuzima* ».

Haciye kandi uwaka Uburundi bunaguye wa mugambi ngenderwako uraba ibinyabuzima, bubifashijwemwo n'Igisata Mpuza Makungu Kiraba Ibidukikije (PNUE). Itegeko riraba ibinyabuzima naryo ririko riratosorwa imbere yuko rishika mu nama shikiranganji. Turibaza rero ko ivyo bikorwa bizofasha gukingira ibinyabuzima n'akamaro kavyo.

Turavye ibikorwa bikorerwa hagati mu gihugu, Uburundi buriko buragerageza gutunganya ibikorwa vyo gukweza ingezi n'ugukingira amatungo kama mu turere dukingiwe twa Ruvubu na Kibira. Ni muri iki gihe nyene Uburundi buriko butunganya ibikorwa vyo guhimiriza gukingira ivyankenerwa bitangwa n'ibinyabuzima, bubifashijwemwo n'Ububirigi.

Barundi, Barundikazi, Ncuti z'Uburundi,

Kugira tuzoshobore gukingira ibinyabuzima n'akamaro kavyo kurugero rushimishije, abarundi bose bategerezwa kwitanga. Ni naco gituma nteye akamo abarundi bose, abanyagihugu, abatwara abandi, abikorera utwabo, ibisata vya leta, amashirahamwe mpuzamakungu, abasanzwe bafasha uburundi, ko bofasha Uburundi muri uyu mugambi wo gukingira n'uguteza imbere ivyankenerwa biva mu binyabuzima.

Ubu tugira dutanguye igihe c'ici usanga kirwiriye imiriro ya nyakanga. Mboneyeho rero gutera akamo abarundi bose, abatwara abandi, amashirahamwe, n'abanyagahugu kugira baze bitange bimwe biboneka mu kurwanya iyo miriro. Turifuza ko uyu mwaka wohera atanahamwe umuriro wokwaduka.

Imbere yo gusozera iri jambo, nagira shimire abantu bose, amashirahamwe yose n'ibindi bihungu vyama vyitanga mugushigikira Uburundi muri aka kigoro ko Gukingira ibidukikije n'ibinyabuzima.

Murakoze